

# Chèche konnen si w kalifye.

Gen èd finansye pou asirans sante ki disponib pou anpil imigran.

## Pwoteje tèt ou, Florid

### Li enpòtan pou w enskri nan yon plan asirans sante pou pwoteje sante w ak sante fanmi w.

Kèlkeswa sityasyon imigrasyon w, **yon ajan asirans ki gen lisans ka ede w konnen si w kalifye pou jwenn yon asistans finansye nan men gouvènman an pou peye pou yon plan asirans sante** (yo konn rele l sibvansyon tou).

Sa PA P nui sityasyon imigrasyon w ni demach ou yo anba règ chay piblik la poutèt yo te elimine yo an mas 2021.

## Ou gendwa kalifye pou peye mwens pou asirans sante w si w:

- ✓ Se yon sitwayen Etazini
- ✓ Se yon rezidan pèmanan legal (si w gen Green Card)
- ✓ Se yon moun ki mande azil (si w te resevwa yon otorizasyon anplwa oswa si w poko gen 14 an, lèfini aplikasyon w ann atant depi omwen 180 jou)
- ✓ Se yon moun ki soti Kiba oswa Ayiti
- ✓ Gen yon sityasyon pwoteje tanporè (Temporary Protected Status, TPS)
- ✓ Gen yon viza travay oswa yon viza etidyan
- ✓ Gen anpil lòt sityasyon ki ka fè yon moun kalifye

Pou konsilte tout lis la, ale sou [healthcare.gov/immigrants/immigration-status/](https://healthcare.gov/immigrants/immigration-status/)



## Asirans san w pa peye anyen chak mwa, si w kalifye.

Plis pase 174,000 rezidan Florid rate yon opòtinite pou yo jwenn yon asirans sante pou yon peman \$0<sup>1</sup> chak mwa apre yo resevwa yon èd finansye.<sup>2</sup> Ou te ka nan sityasyon sa a.

Ale sou [GetCoveredFlorida.com](https://www.getcoveredflorida.com) pou jwenn plis enfòmasyon.

<sup>1</sup>Pou kalifye pou yon kou \$0 pa mwa, kredi taks davans ou touche pou prim Marketplace la dwe egal oswa plis pase prim nan.

<sup>2</sup>Selon yon analiz estatistik ki fèt sou echantiyon mikwo-done pou itilizasyon piblik nan sondaj kominote ameriken yo an 2019 (Public Use Microdata Sample, PUMS), ak kèk ajisteman ki fèt akòz Covid-19 nan done sou kwasans Medicaid nan eta Florid ki soti nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, nan done sou kwasans enskripsyon endividyèl ki soti nan rapò CMS sou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2022 ak nan done sou moun ki pèdi anplwa yo ki soti nan Biwo Estatistik sou Travay la.

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.